



FAQs

Kesyon Moun Poze Souvan sou Resiklaj Komèsyal

Q: Èske resiklaj se you bogay ki nesesè nan sektè komèsyal la?

A: Wi. Tout antite nan sektè komèsyal ki nan Delaware yo oblije patisipe aktivman nan yon pwogram resiklaj konplè, dapre 7 DE Admin. Code 1305 ak 7 Del.C. §§6051- 6059. Pou reyalize sa, tout moun nan sektè komèsyal la dwe idantifye pwodwi resikle yo, separe yo ak kouran dechè solid yo, epi asire ke pwodwi resikle yo antre sou mache a oswa yo kolekte pou resikle. Pou plis enfòmasyon, gade de.gov/recycling.

Q: Kijan m ka konnen ki pwodwi ki ka resikle ki nan bwat fatra mwen an?

A: Yon evalyasyon dechè ap ede ou idantifye opòtinite pou resiklaj ak prevansyon dechè. Nan moman yon evalyasyon dechè, yo enspekte dechè yo, yo idantifye yo, epi pafwa yo peze yo pou detèmine kalite materyèl y ap jete yo.

Q: Ki bagay ki bezwen resikle?

A: Yo pa presize ki kalite materyèl yo dwe pou resikle, men fòk gen yon pwogram resiklaj konplè ki mete an plas. Idantifikasyon dechè se premye etap ki gen nan devlopman yon pwogram resiklaj konplè. Apre faz idantifikasyon dechè a, yo ka detèmine materyèl ki dwe resikle yo.

Materyèl yo aksepte nan pwogram resiklaj an gwo Delaware a gen ladan yo katon ondile, papye biwo, bwat aliminyòm, ak papye plastik. Materyèl tankou metal resikle, bwa, ak pil ka resikle atravè vandè twazyèm pati pou sektè komèsyal la.

Vizite sit la nan de.gov/recyclopedia pou nou kapab jwenn konsèy, enstriksyon sou sa ki akseptab pou resikle nan Delaware ak kijan pou byen jete lòt fatra yo.

Q: Kijan pou w ka aplike epi mennen yon pwogram resiklaj?

A: Gen divès kalite zouti pou resiklaj disponib sou de.gov/recycling epi DNREC ka ba ou asistans teknik. Tanpri kontakte Pwogram Resiklaj DNREC la nan 302-739-9403 oubyen recycle@delaware.gov. pou plis enfòmasyon oubyen asistans ak evalyasyon fatra.

Q: Ak ki moun mwen ta dwe kontakte pou ranmase fatra ki kapab resikle mwen yo?

A: Yon founisè sèvis resiklaj kapab youn oubyen plizyè vandè ki pral kolekte materyèl resikle ou yo pou yo trete. Pandan ke konpayi ki ranmase fatra yo ofri sèvis resiklaj, gen kèk konpayi ki espesyalize nan bay sèvis resiklaj tèt yo. Si yon biznis chwazi pa sèvi ak yon sèvis koleksyon, pwodwi resikle yo ka pote dirèkteman nan yon sant tretman dechè.

Q: Kisa k ap pase si konpayi transpò mwen an melanje fatra ak materyèl ki kapab resikle yo?

A: Si konpayi ki ranmase fatra w la oswa founisè sèvis resiklaj la ap melanje fatra ak materyèl resikle, tanpri kontakte DNREC imedyatman nan 302-739-9403 pou rapòte aktivite sa a.

Q: Èske gen nenpòt penalite pou moun ki pa respekte prensip ki konfòm yo?

A: Wi. DNREC la gen pouvwa pou enpoze sanksyon pou moun ki pa respekte lwa ak prensip yo.

Q: Poukisa resiklaj inivèsèl la nan pi bon enterè moun ki ap viv nan Delaware yo?

A: Ogmantasyon nan zafè resiklaj la pèmèt nou konsève resous natirèl yo ki gen anpil valè, enèji ak espas nan depo fatra ki deja egziste yo, epi li ede pou diminye pri pou devlope nouvo depo fatra nan lavni. Resiklaj ankouraje kreyasyon djòb tou atravè koleksyon ak tretman materyèl ki resikle yo ak fabrikasyon nouvo pwodwi ak materyèl ki kapab resikle.



DNREC DIVISION OF
WASTE AND HAZARDOUS
SUBSTANCES

DELAWARE
RECYCLES
It's second nature.